



Pou Piblikasyon Imedya: 31/01/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVERNÈ KONT RESIDIS: PWOKIRÈ DISTRI YO ANDOSE PLAN GOUVERNÈ HOCHUL LA POU RASYONALIZE LWA DEKOUVÈT YO POU PWOTEJE VIKTIM YO, RANN OTÈ ZAK YO RESPONSAB EPI PWOTEJE DWA POU YON PWOSÈ EKITAB AK RAPID

Bidjè Egzekitif Ane Fiskal 26 Gouvènè Hochul la pwopoze chanjman pou rasyonnalize pwosesis dekouvèt la k ap mete fen ak reta pwosedi yo ak prevni ranvwa otomatik yo

Asosyasyon Pwokirè Distri Eta Nouyòk la vote an gran majorite pou andose plan Gouvènè Hochul la pou pwoteje sekirite piblik ak dwa viktim yo

Sipòte investisman rekò Gouvènè Hochul la nan inisyativ prevansyon kont krim ki pwouve nan kontèks diminisyon to krim yo atravè eta a

Gouvènè Kathy Hochul jodi a, ansanm ak Pwokirè Distri ki soti toupatou nan Eta Nouyòk, te anonse yon seri amelyorasyon ak chanjman esansyèl pou rasyonnalize Lwa Dekouvèt Nouyòk yo. Gouvènè Hochul pwopoze refòm bon sans sa yo kòm yon pati nan Diskou sou Sitiyasyon Eta 2025 li a epi yo gen entansyon mete fen nan reta pwosedi yo epi anpeche ranvwa ka otomatik yo. Asosyasyon Pwokirè Distrik Eta Nouyòk (District Attorneys Association of the State of New York, DAASNY) oswa DAASNY te vote yè an gran majorite pou yo andose plan Gouvènè a pandan konferans ivè anyèl pa yo, paske li t ap bay biwo yo zouti ak resous ki nesèsè pou pwoteje dwa viktim yo epi rann otè zak yo responsab, pandan y ap pwoteje dwa pou yon pwosè ekitab ak rapid. Pwopozisyon sa a an akò ak envestisman rekò Gouvènè a nan dènye ane yo nan kad inisyativ kont prevansyon krim ki pwouve kòm efò ap kontinye wè [diminisyon to krim yo atravè Eta a](#).

"Kenbe Nouyòkè yo an sekirite se pi gwo priyorite mwen, epi nan travay ansanm ak Pwokirè Distri nou yo ki soti toupatou nan Eta a, n ap pran mezi pou konbat krim epi rann otè zak yo responsab nan tout mezi ke lalwa pèmèt", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pwopozisyon bon sans mwen an pou rasyonnalize lwa dekouvèt Nouyòk yo pral fèmen vid fatal ki te retade pwosè yo epi ki te mennen nan abandon ka yo pou detay teknik minè yo, ki pral finalman ede lite kont sou residivis ak bay jistis pou viktim yo. Se yon onè pou m gen tout sipò Asosyasyon Pwokirè Distri Eta Nouyòk la pandan n ap fè chanjman sa yo."

Rantre an vigè an 2020, refòm dekouvèt Nouyòk la te entwodwi chanjman esansyèl pou amelyore jistis nan ka penal yo men te mennen nan konsekans enprevi. Kounye a, si pita yo konteste avèk siksè konfòmite yon pwokirè fas ak dekouvèt la, tan ki genyen ant sètifikasyon ak defi a ap konte yon fason retwo-aktif kont pouswit jidisyè a, souvan sa ki lakòz revokasyon ki pa gen rapò ak merit ka a oswa legalite ankèt la.

Brèch sa a ankouraje pa aksidan pou retade kontestasyon dekouvèt yo, pou yo ka fasilman rejte afè a pou rezon teknik. Pou abòde sa, Gouvènè Hochul pwopoze chanjman pou elimine ankourajman pou retade kontestasyon dekouvèt yo epi asire ke yo abòde erè dekouvèt yo nan yon fason ki pwopòsyonèl ak erè dekouvèt la li menm olye ke yo abòde li kòm yon mekanis teknik pou rejte yon afè nan tout entegralite li.

Chanjman sa yo pral ankouraje revizyon alè ki pral amelyore tan pou trete ka yo, diminye reta ki kenbe moun nan prizon anvan jijman, epi anpeche ranvwa yo ki baze sou rezon teknik ki ka entèdi yo bay jistis pou viktim yo ak moun nan Eta Nouyòk yo.

Pwokirè Staten Island lan, ak Prezidan DAASNY Michael E. McMahon, te deklare, "Soti nan Konte Richmond rive nan Konte Chautauqua epi patou antre yo de a, konsekans enprevi Lwa Dekouvèt 2020 an te mennen nan ranvwa plizyè milye ka krim ak deli oswa rediksyon dramatik akizasyon atravè Eta nou an. Reyalite sa a anpeche viktim krim yo resevwa jistis epi li se kòz dirèk zak rezidivis andemik nou tout konnen ak deteste jodi a kòm kriminèl danjere yo chape anba responsablite ak konsekans pou aksyon penal pa yo. Si Nouyòkè yo vle konnen poukisa gen yon pòt residivis pèpetyèl k ap ravaje sou Eta nou an, pa chèche pi lwen — lwa dekouvèt aktyèl nou yo merite blam. Kounye a se moman pou nou amande lwa Dekouvèt Nouyòk yo ki an defayans epi nou remèsye Gouvènè Hochul paske li rekonèt reyalite sa a epi paske li te travay avèk pwokirè distri ak lejislatè parèy nou yo pou fè yon pwopozisyon ki retabli bon sans ak responsablite nan sistèm jistis penal nou an."

Pwokirè Distri Konte Rensselaer ak Prezidan eli DAASNY, Mary Pat Donnelly, te deklare, "Gouvènè Hochul te rekonèt ke lwa dekouvèt Eta Nouyòk te lakòz envolontèman yon ogmantasyon nan tan pwosesis ka yo ak reta ka yo, epi finalman sa ki kenbe moun ki nan prizon yo pou peryòd tan ki pi long. Sistèm aktyèl la kontinye ap lakòz ka yo te ranvwaye pou detay teknik yo. Pwopozisyon dekouvèt ki nan Bidjè Gouvènè a pwopoze a ta amelyore pwosesis dekouvèt la epi rasyonnalize tan pou trete ka yo pandan y ap asire ke akize yo jwenn enfòmasyon yo bezwen pou yo defann tèt yo. Mwen sipòte Gouvènè Hochul nan efò li pou amelyore pwosesis dekouvèt la."

Gouvènè Hochul te pwopoze tou yon seri amelyorasyon pou rasyonnalize pwosesis dekouvèt Eta a. Premyèman, Gouvènè a pwopoze pou klarifye ke enfòmasyon ki egzije asinyasyon pou yo konparèt yo pa nesèsè pou sètifye konfòmite dekouvèt yo epi ke pwokirè yo ka sètifye yon fwa yo te divilge tout materyèl ki enpòtan nan posasyon reyèl yo. Apre sa, Gouvènè Hochul pwopoze elaji sijè yo abòde nan redaksyon otomatik pou enkli detay sansib tankou adrès fizik temwen yo ak done pèsònèl ki pa gen rapò ak ka a, sa k ap elimine nesèsite pou angaje nan litij ki long pou redije materyèl sa yo.

Gouvènè Hochul pwopoze tou redwi egzijans pou bay yon avi 48 èdtan anvan yo ka prezante deklarasyon yon akize bay yon gran jiri a 24 èdtan. Sa a pral ede soulaje fado konte yo ki manke gran jiri pandan senk jou epi ki, pandan wikenn pwolonje yo, pa gen 48 èdtan anvan yo bezwen prezante yon ka bay yon gran jiri. Chanjman sa yo pral asire pwosedi jis, rasyonnalize pwosesis ka yo epi pwoteje enfòmasyon sansib yo.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)